# Бәлент қырман жеңиси мүбәрек болсын!

Image not found or type unknown

Усы жылдың 25-октябрь күни Қанлыкөл районының пахтакешлери мәмлекетке пахта тапсырыў режесин 100,1 пайызға орынлады.

2020-жыл пахта ҳасылы ушын Қанлыкөл районында 3 мың 800 гектар майданнан 8 мың 210 тонна пахта шийки затын жетистириў бойынша жәми 151 аўыл хожалық кәрханалары, соннан, 149 фермер хожалығы ҳәм 2 ЖШЖ менен контракция шәртнамалары дүзилди.

Аўыл хожалығы тараўы хызметкерлери тәрепинен үзликсиз тәризде алып барылған агротехник илажлар нәтийжесинде, Қанлыкөл районы халқы менен биргеликте, усы жетискенликти қолға киргиздик. Быйыл елимизде пандемия шараяты болыўына қарамастан, дийқан фермер хожалықлары өз ўақтында ғоза ушын зәрүр бәрше дала илажларын орынлап келди. Жыйым-терим мапазында қатнасқан барлық фермер хожалықлары ҳәм отряд басшыларына,жумысшы, теримшилерге өзимиздиң терең миннетдаршылығымызды билдиремиз.

Қанлыкөл районы ҳәкимлиги Мәлимлеме хызмети